ЯҚЫПБАЙ ӘЖИМОВ



# ҚУЯШ СӨНБЕЙДИ

*Киши ҳәм орта жастағы мектеп оқыўшылары ушын*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН„
1990

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжимов Я.
84 кар 7
Ә 49
Қуяш сөнбейди: *Гүрриңлер, ертеклер ҳәм бир актли пьесалар.* —Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. 48 б. Сүўретли.



Жас жазыўшы **Яқыпбай Әжимовтың** шығармаларының тийкарғы қаҳарманлары мектеп оқыўшылары. Үлкенлердиң ғамхорлығында тәрбияланып атырған жас өспиримлердиң тәбиятқа, этирапта болып атырған ўақыяларға, қубылысларға болған түсиниклериниң қәлиплесе баслаўы, қызықлы ўақыялар тымсалында баян етиледи.

Топлам автордың туңғыш китабы.

Рецензентлери: Ә. Атажанов,
Х. Сапаров,
М. Таўмуратов.

Ә $\frac{4803270201-106}{М-357(04)-90}$ 55—90

ISBN—5—8272—0197—9

©„Қарақалпақстан" баспасы, 1990.

www.ziyouz.com kutubxonasi



## НАННЫҢ ИЙИСИ

(*Гүрриң*)

—Ҳәй жүўернемек, ана нанның усағын бастың-ғой! Нан жесең усағын түсирип, шашып жеп жүргенин. Мен саған қашанғы айтаман?—деп камыр жайып отырған Асқардың апасы ошақтың басында қол созым жерде жатырған кесеўди алып оған тәп берди.

Аскар орнынан шапшып турды да, сыртка карай атлықты. Болмағанда, қақ жынғылдан исленген кесеў жаўырнына тийетуғыны турган гәп еди.

Еле уйқыға кете коймаған Жәлмен ата келинининң шаўкымлы даўысын еситип, басын дастыктан көтерип, бойын тиклеп карады. Соң келининен аклығы Асқарды шақырттырып алды. Ҳәм келинине карап:

—Балам, ҳеш ўақыт нәрестени урыўшы болма! Кәпелимде ашыў менен бир жерин майырып аларсаң. Мақулы, алдастырып, жыллы сөзлер менен түсиндир,—деди.

—Аскар, балам, берикелөс,—деп аклығын шақырып алып, алдына отырғызды. —Кәне, балам, мен саған қызықлы ертек айтып берейин бе?—деди ол аклығының жүзине тигилип.

Жәлмен ата ақлығына бәрҳама ертек айтып беретуғын еди. Ал ақлығы болса, атасының айтқан ертеклерин уйып тыңлайды. Мине, бүгин де атасының алдында отырып, оның пахтадай аппақ сақалын сыйпалап, ертек тыңлап отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда бир бай менен бир жарлы жасапты. Бай сондай бай екен ,оның дүньясының жартысы алтын, ал жартысы гүмистен екен. Жарлының үйи де, жатақ жери де болмапты. Ол сол байдын хызметинде қул болып, отыны менен кирип, күли менен шығыпты.

Бир күни бай қудайға жалбарынып, тағы дүнья сорапты. „О, тәңирим, мениң сеннен тек бир ғана тилегим бар. Усы тилегимди орынласаң мен саған бир өмир риийза болар едим. Мениң дүньям еле де аз. Басқа байлар болса меннен озып кетти. Егер мениң қолым тийген ҳәр зат алтынға айланса, сен мениң тилегимди орынлаған болар едиң," депти.

Оның бул тилеги орынланыпты.

Соң жарлы турып қудайға жалбарыныпты. „О, тәңирим, мениң қолым тийген ҳәр зат кәне, нанға айлансаl" депти.

Оның да тилеги орынланыпты.

Байдың қолы тийген барлық нәрсе алтынға айланып кете берипти. Ҳәтте, жейин деп услаған нанына шекем алтынға айланыпты. Сөйтип, бай соңында аштан өлип, жай толы дүньясын мәңгиге тәрк етипти... Ал, жарлы услаған затлардың бәри нанға айланып, наны көп болыпты. Сөйтип жарлылардың қарны қалпып, қуўаныш ҳәм шадлы турмыста жасапты.

Әне, балам, нан деген алтынға бергисиз нәрсе! Дүнья ҳеш қашан инсанға нан болмайды. Ал, нан көп болса өмир болады. Турмыс және де шадлы, жәнe де көркем болады. Дүнья да мол болады. Сол ушын ҳәр қашан нанды қәдирлеў керек, балам. Нанның усағы да нан,— деди ақлығынын басынан узақ сыйпалап турып.

Усы ўақытта есиктиң алдындағы тандырдан апасы жаўып атырған ыссы нанның ийиси ишке урды. Асқар болса атасының алдынан ырғып турды да, тандырға қарай жуўырды.

Жәлмен ата„ оҳ, садаған кетейин нанның ийиси! Мурынға қандай жағымлысан!" деп гүбирленип, орнынан турды да, тандырдың басында кишкене ыссы гүлшени баўырына қысып жеп турған ақлығына терезеден узақ қарап турды...



www.ziyouz.com kutubxonasi



## ҲӘР КИМНИҢ ӨЗ ОРНЫ БАР

(*Гүрриң*)

Сен басыма жай салма ҳасыл таслардан үйип.
Тек айына бир еслеп тур, жүрек-бауырың күйип.

**ШУХРАТ.**
**(Өзбек шайыры)**

Мен әкем өлгенде он төрт жаста едим. Ҳеш кашан инсанның өлим менен айкасып, қыйналғанларын көрмегенликтен бе, ямаса балалықтан ба, өлим, деген коркынышлы, қатал нәрсе ҳаққында түсинигим жоқ еди. Мен әке-шешемниң ең үлкен перзенти—еслиреги болғанлықтан болса керек, анам бәрқулла мени әкемниң қасына отырғызып, шай-суўына қаратып қойды. Түнлерде анам екеўимиз гезекпе-гезек гүзетип, әкемниң солған жүзлерине қадалып отырамыз. Әкем бийшара печьтиң қуўысында көсилип жатыр, жүзлери қағаздай ағарып, жақлары күннен-күнге қуўсыйып, көзлери күннен-күнге нурсызланып барар еди. Ол усылайынша бир ҳәпте жатты...

Сәске ўақыт еди. Аспан түнерип, соң терезени жаўын тамшылары биринен соң бири сабалап, кем-кем күшейип барды. Аздан соң әкем көзин ашып, ымлап, мени қасына шақырып алды. Мен оның басын сүйеп, суўыңқырап қалған шайдан кесаға қуйып, аўзына туттым. Ол өзин қыйнап бир жутты да, қолы менен маған беккем асылып, кәддин



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиклемекши болды. Бирақ, ҳалы жетпеди. Тағы талпынды... Тағы... Ақыры тикленди.

—Балам, ырза бол, мениң таканым таўысылған көринеди. Сен мениң идиралды перзентимсен. Барлық ўазыйпаны мен сениң мойныңа жүклеп баратырман. Сен соны ядыңнан шығарма! Анаңды ҳәм үкелериңди ҳеш қапа етпе. Анаң бийшараның да айы-күни жақынлап тур. Түсинемен, оған да қыйын. Кудай шебер ме, қурқылтай шебер ме, деген балам, кудайдың мени алып баратырғанына қуўанаман. Себеби, „аналы жетим зор жетим, әкели жетим хор жетим“ деген балам... Анаңды шақырмай-ақ қой. Ол бийшара сизлер деп мал-ҳаллар менен бәнт шығар. Кәпелимде..,. Жақсысы оның көрмегени мақул. Әттең, сол ең соңғы перзентимди, генжетайымды көре алмай баратырман,—деди де әкем тек сүйеги қалған ийеги кемсеңлеп қамсыға баслады. Мен де жыладым. Бармақлары жип-жиңишке қамыстай болып қалған қолларын созып, басымнан сыйпалап, ийнимнен ҳәлсиз ғана қағып, маңлайымнан сүйди.

—Ырза бол, ырза бол балам, бахытлы болыңлар,—деп үш-төрт мәрте қайталады да, еки қолына сүйенип, басын әстен дастыққа қойды.

—Балам, сеннен үмитим көп, сен балалардың ишиндеги еслиси, ақыллырағысаң. Сен мениң орнымды билдирме, —деди және қайталап.

Бул сөзлерди еситкенде мениң тула бедених қалтырап, дирилдеп кеттим.

—Балам, ана айнаны ашып жибер, соңғы мәрте қуяштың көзин, жақты дүньяны бир көрип қалайын,—деди ол соң еки көзин терезеге қадап.

—Аға, қуяштың көзи жоқ, далада жаўын жаўып атыр.

—Қуяш жоқ... Аўа, ол да өлимди көргиси келмей тасаланып, көз жасын сел етип атыр, екен-ғой—деди ағам айнадан көзин алмай. Ол сол айнаға қадалыўы менен қозғалмай қалды,

—Аға, ҳәй аға!—деп түрткишлесем де көзи сол қадалыўынан айырылар емес. Сес-семир. Мени бирден қорқыныш бийлей баслады. Даўысымның барынша бақырып жибердим.

Есиктен атлығып шықсам, анам маған қарсы қарай жуўырып киягырған екен. Шымасы мениң ашшы даўысымды еситкен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анам әкемниң сулық болып атырған денесин көрип шалқасына таслады. Егерде мен сүйеп қалмағанымда, жанып турған печьтиң үстине қулап кегетуғын еди. Анамды да жерге жатқызып, не қыларымды билмей тек жылай бердим, жылай бердим. Қарасам, қасыма кишкене үкелерим де жыйналып қалыпты. Олар да қосылып жылап турған екен.

Аздан соң анам есин жыйнады. Көзин ашты. Еки қолы менен қарнын услап:

—Балам, тез жуўыр, аўылдағы адамларға хабар бер,— деди ыңырсып.

Мен қустай ушып баратырман. Еки қолым көзимнен кетер емес. Жас тыйылмайды. Қайдан, қаяққа баратырғанымды да билмеймен. Көз алдым думанланып баратыр. Аяқ жолым көринбейди. Тек көз алдымда әкем. Қулағымда өлер алдындағы айтқан сөзлери. Қайта-қайта тәкирарланады.

Үйге келсем көпшилик жыйналып қалыпты, Апам да, сол күни көз жарып, нәрестениң атын әкемиздиң орнын бассын, уўайым-қайғыны умыттырсын деп Орынбасар қойдық. Әкеме оны көриў несип етпеди. Ең болмағанда бир-еки күн турғанда...

Бул дүньяға келген жаңа адам да әкемиз ҳаққындағы қайғыны умыттыра алмады. Усылай етип, демде күнде толып туратуғын печьтиң қуўысы босады да қалды. Бурын ҳәммемиз қумырыдай шүйиркелисип дәстурхан әтирапын толтырып отыратуғын болсақ, арамыздан ең кәдирдан, қымбатлы қумырымыз ушып кетти. Аўа, мәңгиге кетти. Оның орны ап-анық билинип қалды. Ҳәтте, үйдиң ишин басына көтерип ойнайтуғын төрт жасар үкеме шекем жойытты.

Орынбасар да әкемнин орнын баса алмады. Ол тек апама ғана жубаныш болды. Биреўдиң өмирдеги орнын екинши биреў баса алмас екен. Билемен, мен де қанша ҳәрекет етсем де, үкелериме әкелик меҳир менен қарай алмадым. Оның орны басқа, меҳирге толы жүреги басқа екен.

Төрт көз түўел болып, ошақ басында отырсақ та, печьтиң қуўысында жүзлери жадырап, күлкили әңгимелер



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып отыратуғын, балалары еркелеп, үстилерине өрмелейтуғын әкемниң орны ҳеш ўакыт толар емес...

Ҳәзир де, арадан нешше жыллар өтсе де, печьтиң куўысына көзим түссе, сол жүзи жадыраған кәлпиндеги әкемди жойтаман. Жойтаман да ойға шүмемен... Аўа, мен енди „Өмир", „Өлим" деген нәрселерди бираз түсиндим. Өмирде ҳәр кимниң өз орны болатуғынын, оны ҳеш кимниң сол адамдай болып орнын баса алмайтуғынына да гүманланбайман...

www.ziyouz.com kutubxonasi



## ӘКЕ АЛАҚАНЫ

*(Гүррин)*

Мурат әкеси өлгенде анасының курсағында жети айлық еди. Әкеси оны көрмей бул дүньядан биймезгил кетти. Аныгы әкесиниң өлими топа-торыстан бола қалды. Оның көкирегинен жаны шыққанда қасында жигирма жылдан аслам болған зайыбы Әнийпа апай да жоқ еди. Өйткени, Жәлмен ағаның азанда зайыбы ҳәм ер жетип қалған балалары менен бирге қумырылардай шүйиркелесип шай ишип, колхоздың жумысына кеткениақ сол еди. Арадан еки-үш саат өтпей-ақ усындай суўық хабар келди.

Әнийпа апай дәслеп буған исенгиси келмесе де, ериниң жүрек тықпа кеселлиги есине түсти ме, соң бул хабарға онша екиленбеди. Жәлмен аға жер сүрип атырған жаққа қарай қустай ушып келди. Бирақ, оны әлле қашан бригадир өз машинасы менен емлеўханаға алып кеткен еди.

Шынында да, Жәлмен ағаның жүрек тықпа кесели бар еди. Бирақ, ҳәр сапары жүреги тыққанда оны бираз қыйнап, және жаздырып кетип жүрди. Соған көнлигип қалғанлықтан ба, ол буған онша итибар бермей, колхоз жумысынан ҳәргиз қол үзбеди. Емленип те көр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Бирақ, ол пайда бермеди. Мине, акыры оны алып тынды...

Арадан жети жыл өтти. Әкеси өлгенде анасының курсағында қалған Мурат та ақ пенен қараны ажырата алатуғын жаска жетти. Анығы, мектеп жасына келди. Қатар дослары менен ойын-заўык қурып, оқыўға барып келип жүрди. Бирак... бирақ негедур оның бул қуўанышы көпке созылмады. Кәпелимде жүзиндеги куўаныш кайғы менен алмасып кетти. Бир-еки мәртебе окыўдан жылап та келип жүрди. Бирак, оның себебин анасына я әжапа-әжағаларына болып бир аўыз айтқан емес. Буған бәри де ҳайран.

—Қарагым, мәнисиң болмай жүр ғой. Аўырып жүрген жоксаң ба? Кәне, берман келши балам.— леп бир күни анасы Муратты қасына шақырып, маңлайына алақанын басып, ыссылығын көрди.

—Ыссылығың әлеўир бар екен, балам. Катты шаршапсаң, аяздан да қуры алақан емессең. Жатып лем ал. Мә, ләслеп мына ыссы сүтти иш. Соң көрпени бүркен де жат. Бир тер есең бәри де шығып кетер — деди анасы баласының кеўил хошлығының жоклығын көрип.

Муламы бундай жыллы сөз еңге үйренип қалған баланың жүзиндеги кайғыны анасының бул сөзлери де кетире алмады. Ол анасының берген ыссы сүтин де ишпестен көрпени бүркенип жатып қалды. Тыныш лем алсын деп ойлаған анасының ла, әжапа-әжағаларының да оның менен иси болмады. Енди ол өзи менен өзи көп ўакытқа шекем көз илмей, өз ойлары менен бәнт болды.

Мураттың қапашылығының да мәниси бар. Соңғы күнлери оны дослары, әсиресе, бир үйде жалғыз өскен Жанабай деген бала „жетимек, сениң тийин, пул беретуғын әкең жоқ. Ал, мениң әкем күнде бир сом береди.“ Мине, “мәшшаў“ деген сөзлерди күнде айтатуғын болып кетти. Бул сөзлер ақыры Мураттың жети жүйресине тийди. Оқыўға барса да, қайтса да мазасын алды. Басқа дослары да Жаңабайға ҳеш нәрсе дей алмайды. Өйткени, ол бир үйдиң жалғыз, еркe баласы. Оған анаў мынаў десең әке-шешесиниң шаўлап шығары бар. Керек десең Жанабай әке-шешесине де аўыр сөзлерди айтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол булардың бәрин де солардан үйренген. "Жетимек" деген сөзди тауып жүрген де сол Жаңабай.

Усы ўақытка шекем Мураттың ядында әкеси жоқ еди. Ҳәттеки әке дегенниң не екенин де билмейтуғын еди. Өйткени, анасы бийшара ҳәм ана ҳәм әке болып келди. Бирақ, бир гезлери үйиниң төриндеги қыстырыўлы турған портретти анасының „Мынаў сениң әкең" деп көрсеткени еле ядында. (Ол гезлери Мурат бес жасларда еди). Мине, ҳәзир сол портреттеги әкесиниң тулғасын, оның қандай адам екенлигин көз алдына елеслетип жатыр. Бирақ, елеслете алмады. Өйткени, оны көрмегени оған катты қыйыншылық туўдырып атыр.

Әке... Ана... неге енди бул сөзлер соншама қәдирли. Неге енди бул әке сөзи муштай балағы кайғыға шүмдиреди. Неге?... Кәне енди, ҳәзир әкеси болса жуўырып барып мойнынан кушаклап бағырына басын қойып, бетлеринен аймалап, бир жазылып еркелер еди-аў.

Мурат негизинде усындай ойлар менен бәнт. Бирак, оның неге ондай екенине акылы жетпеди. Оларды азанда турып анасынан сораўды уйғарды. Аздан соң пырылдап уйқыға кетти.

Мурат түс көрди. Түсинде сол портреттеги әкеси. Ири денели, қара пәрен, жүзи күлимлеп туратуғын кыр мурынлы киси екен. Ол әсте жақынлап келип, Мурат жатырған кроваттың ернегине отырды да;

—Балам, сен мени таныйсаң ба, мен сениң әкең Жәлмен—мен-ғой. Сениң атын Мурат, солай емес пе? Аўа... Аўа... дурыс, Мурат. Қара, сен мениң дәл өзим екенсең ғой. Мен де усылай ойлайтуғын едим. Мине көзлериң де, мине, мурынларың да,—деп оның бағана ғана анасы сыйпалаған маңлайын ып-ыссы алақаны менен бир сыйпалап өтти. Ҳәм орнынан турып кейин шегинип, "хош бол, балам Мурат, ананды капа етпе" деп көзден ғайып болды.

—Аға... а... ға.... а! Ол бирден услайынша бақырып жиберди. Бул сөз оның аўзынан биринши мәртебе шықты. Ол да болса түсинде.

—Не болды балам, шошып кеттиң-ғой. Айттымғой аязлағансаң деп. Мына муз сызыў деген-әм бәле болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳеш нәрсе, апа. Өзим ақ... Қорықпай бийғам жата бериң,— деди ол түсин жасырғысы келип.

—Илайым, ҳеш нәрсе болмағай балам. Жата-ғой, жата-ғой, балам.

Әнийпа апай енди бәрине түсинди. Баласының жаңағы "аға" деп бақырған даўысын да еситкен еди. Бирақ, баласына билдиргиси келмеди. Неде болса бәрин балама азанда айтып беремен деп кеўлине түйди де, орнына барып тым-тырыс жатып қалды...

Арадан күнлер өтти. Мурат ағасының кишкене сүўретин сумкасына салып, мектепке алып барды. Досларына көрсетти.

—Мине, мынаў мениң әкем. Ол колхоз жумысында комунистлерше (коммунист дегени) мийнет еткен. Апам сөй деп айтады. Аўылдағы бригад ағам Жуман да усылай дейди. Мен оның менен мақтансам арзыйды екен. Маған ҳешким әкеси жоқ деп айта алмайды. Исенбесеңиз мен сизлерди Жуман ағаға апараман, — деди бул сапары Мурат кеўилли сөйлеп.

Ертеңине дослары өз ата-аналарынан да, Мураттың әкеси туўралы сорап, оның кешеги сөзине толық исенди.

Мине, соннан баслап негедур Мурат досларының аўзынан "жетимек" деген сөзди қайтып еситпеди. Бирақ, ол әке алақанлары маңлайынан сыйпағанды әрман етер еди...



www.ziyouz.com kutubxonasi



## ҚОС ТЕРЕК

Аўылдың бир шетинде қуўрап шақалары сынған ғарры қос терек тур. Бул қос теректи мен бала ўақтымнан берли билемен. Аўылымызға сән берип, бәҳәрде жасыл дөнип, қыстың кәҳәрли танларында карлы кыраўдан сирресип турар еди. Бул қос терек ол ўақытлары аўылымыздың дәл ортасында еди. Аўыл жылысып беррегирек қоныс басқан соң, сыртта қалып қойды. Терек еле нәлше шағында бизиң үйимиз усы теректиң түбинде болғанын анамнан талай рет еситкенмен.

Балалық шақтың қызығы, ойын тамашасы бир бөлек дүнья-ғой! Шақалары бир-бирине айқасып өскен таллардын астында қаншама ойын-заўықлар қурмадық дейсең!..

Бәҳәрде қос теректи қуслар да паналайды. Өйткени, бул жер олардың да сүйикли мәканы. Тынбай жуғырласқан шымшықлардан баслап, қурқылтайларға шекем оның жуўан шақаларынан өзлерине қолайлы орын таўып, жыллы уялар салады. Дәслепки күнлери бизлерден үркип жүрген қуслар, кейин-ала үйренисип кетти. Себеби,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бизлер оларға зыянсыз едик. Олар ҳәр жылы бәҳәрде усы таманға асығады. Бизлерди қурқылтайдың байпақ тәризли етип тоқыған уясы таң қалдыратуғын еди. Олардың палапанларын басқа қуслардан қорғап журемиз. Қурт-қумырысқалар әкелип саламыз.

Жыллар өтти. Ес енип, ер жеттик. Қос теректиң тарийхы мени қызықтыра баслады. Оны ким еккен? Неге бул жерде қос теректен басқа дарақ жоқ? Мине, усы сорауларға тезирек жуўап излей басладым. Соң бәри мәлим болды. Бул қос теректи 41-жылы урысқа кеткен бизиң кемпир апамыздың иниси Ғайбулла ағамыз тигипти. Ол көп дарақлар тикпекши екен, бирақ, оған үлгере алмапты. Оны "Ғайбулланың қос тереги" деп те атайды екен.

Ғайбулла ағамыз урыстан қайтпаған. Оның изинен "қара қағаз" келгенде, кемпир апамыз көз жасларын сел-сел төгипти. Бирақ, байғус ана өзи бул дүньядан көз жумғанша баласынан гүдер үзбей күтиў менен өтипти.

Аўа, урыс деген кимлердин көз жасларын аяды дейсең! Шамасы, фашистлер Ғайбулла ағамыздың изинде "ҳеш нәрсе қалдырмадық, күлин көкке суўырдық" деп ойлаған шығар. Жоқ, олай емес! Ғайбулла ағаның изинде бизлерге үлги болатуғын, бир қасық қаны қалғанша ўатан ушын гүрескен мәртликлери қалды. Жақсы нийет пенен тиккен нәллери қалды. Бул қос теректиң саясында саратан пайытларында саялаған ҳәр бир адам "тиккенге рахмет" деп алғыс сөзлерин айтып өтеди...

Мине, арадан қырық бес жыл ўақыт өтти. Бизлердиң бахытлы балалығымыздың гуўасы болған қос терек бүгинлиги қартайып, қула дүзде қалды. Соған қарамастан ол урыс жылларының, қала берсе, бизлердиң балалығымыздың ескерткиши болып қалғандай...

Мен ҳәр сапар оның қасынан өтер екенмен, қос қолымды көксиме қойып, тәжим етип өтемен...

## АЙГҮЛДИҢ БУЗАЎЫ НЕГЕ ӨКПЕЛЕДИ?

*(Гүррың)*

Жақында туўылған бузаўды Айгүл күтә жақсы көреди. Ол балалардың ишинде ең генжетайы болғанлықтан



www.ziyouz.com kutubxonasi

бузаўды "меники" деп ийелеп алды. Оннан үлкени Азат та оны "меники" деп ийелемекши болып ерегисип еди. Бирақ, бәрибир Айгүлдиң айтқаны болды. Мен бузаўымды өзим бағаман. Оған мазалы отлардан әкелип, суў беремен, —деди Айгүл апасына.

—Ал, оқыўға кеткенинде оған ким қарайды?— деди апасы.

—Өзим оған суў берип, от салып кетемен.

—Онда оқыўдан тез қайт, жолда ойнап жүре берме, бузаўың аш болып калады,— деди апасы күлип.

—Тез қайтаман. Бузаўымды аш қалдырмайман, аш қалдырмайман,—деп еки қолын жоқары көтерип шыр гүбелек айланды.

Айгүл күнде өз ўақтында бузаўына суў берип от салып жүрди. Усылайынша олар тез күнде бир-бирине үйренисип кетти.

Бирақ, олардың бир-бирине ысықлығы көпке созылмады. Бир күни мынадай ўақыя жүз берди.

Айгүл азанда кеш оянды. Бузаўы болса аш болып, узақ ўақыт мөңиреп турды. Апасы қанша "тур" десе де турмай "бүгин дем алыс, мектепке бармаймыз" деп бир қапталынан екинши қапталына аўдарылып түсип жата берди. Бузаўын болса пүткиллей умытып кетти.

—Айгүл, ҳа Айгүл, түргел, ана бузаўың аш болып мөңиреп тур. Болмаса, ол меники болады,—деди Азат жуўырып келип.

Айгүл орнынан шапшып турғанын билмей қалды. Қораға жуўырып барса, бузаўы кешегиден қалған шөплердиң пақалын қытырлатып шайнап тур екен. Айгүлге көзи түскен бузаў бирден терис бурылды. Айгүл болса қолына орағын алып, от әкелиўге жуўырып кетти.

Алдына салынған отқа бузаўы мойнын да бурмады. Сол баяғы қатты пақалын шайнаўын даўам ете берди.

"Ҳе, бузаўым маған қатты өкпелеген екен дә",— деп ойлады Айгүл ишинен.

Шынында да, бузаўы өкпелеген еди. Күнде қасына жақынлағаннан Айгүлге сүйкелип еркелейтуғын бузаў, бүгин оған итибар да бермеди. Әкелип салған отын да, шөллеген шығар деп әкелген суўын да ишпеди. Тымсырайды да турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айгүл оның бул қылықларына әри-бери шыдап тур еди. Бирақ, кейин үйине бирден жуўырып кетти. Бара кәтке бойын атып жылады.

—Ҳе, бузаўың өкпеледи ме, өзим бағаман деп мардыйып атыр един ғой, мақтаншақ,— деди Азат оның ашыўына тийип.

Бул сөзди еситкен Айгүл бирден өкирип жылап жиберди. Қызының даўысын еситкен апасы даладан жуўырып келип:

—Ҳе қызым, бузаўың ашыўына тийди ме?— деди таңланған түр менен.

—Яғ-әй, ол бузаў ҳеш кимниң ашыўына тиймейди. Оның ашыўына Айгүл тийген дә,— деди Азат және Айгүлдиң ашыўына тийип сөйлеп.

—Аўа, Азат дурыс айтады. Мен оның ашыўына тийдим. Азанда отты кеш салдым. Ол оны жемеди. Маған бурылып та қарамады. Қатты өкпелеген қусайды,— деди Айгүл сыңсып.

—Дурыс, оның өкпеси орынлы.

—Аўа-дә, орынлы болғанда қандай. Өзиң де ўақтында аўқат болмаса апама өкпелеп жүретуғын един ғой, —деди Азат.

—Якшы, мен ҳәзир сизлерди жарастырып қояман, ҳеш қапа болма,— деди Айгүлдиң апасы оны жубатып.

Апасы Айгүлди бузаўының қасына ертип барса, бузаўы алдына салынған отты жеп атыр екен. Бузаў да Айгүлдин ашыўланып кеткенин сезгендей, оны және қапа еткиси келмегендей, басын жоқары көтерип қарады.

—Әне, қызым, бузаўың сени кеширди. Бар, қасына бар, жаўырынларын сыйпала,— деди апасы.

Айгүл бузаўының қасына барды. Бузаўы да соны күтип турғандай, қасына келген Айгүлге бурынғысынша сүйкенип, еркелеп кетти...

## «ЖАҚСЫЛЫҚ»

*(юморлық гүрриң)*

Балтабай усы ўақытқа шекем ҳеш кимге жақсылық етип көрген емес. Ол жақсылық дегенниң шын мәнисинде не екенин де билмейди. Биледи-аў! Бирақ, билгиси



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмейди-дә! Сол ушын да оны ата-анасы, муғаллими, жора-жолдаслары көп кейийтуғын еди.

Бир күни оның өзинен-өзи адамларға жақсылық еткиси келип кетти. Бәндиргиге келип, автобусқа минди. Автобус күтә тығылыс еди. Ойы иске аспады. Өйткени, ол автобусқа минип, бир бос орынды ийелесем, соң оны бир жасы үлкенге усынып „рахмет!“ деген алғысын алсам. Бул да жақсылық-ғой деп ойлап еди. Енди не ислеў керек? Ақылы ҳайран болды. Аздан соң ойына бир сумлық келип, өзинше күлип қойды. Қалтасынан тийинларын алды да, оны адамлардың аяғының астына әсте таслап жиберди. Бираздан соң өзи еңкейип, тийинларды жерден алды ҳәм қасындағыларға қарап: „Ким тийин жойтты? Ким?“ деп даўысын көтерип еки-үш мәртебе қайталады.

Адамлар оның қолындағы тийинға көз жуўыртты да, қайтып иси болмады. Әне, бул сумлығы да келиспеди. Және ақылы ҳайран болды. Қалай болмасын жақсылық етиўи керек. Жән-жағына қарады. Анықлап қараса, өзине жақын жерде бир класс төмен оқыйтуғын Жубатты көрди. Оған адамлардың арасы менен жақынлап келди де: „Жубат, ана қара, анаў ғаррыда үлкен түйиншик бар. Автобустан түсерде ал да қаш“ деди табаннан сумлық ойлап. Ол да: „Болады. Түсиникли. Қалған жағын өзиме қоябер“ деди де арткы есикке жақын турған ғаррыға жылысты..

Жубат автобустан жаңа түсе берген ғаррының қолындағы түйиншикти ала қашты. Ал, изинен Балтабайдың өзи қуўып кетти. Ҳә демей-ақ изине жетип алды. Оның қолындағы түйиншикти жулып алып, шекесине еки-үш шаппат урды. Буны көрген адамлар Балтабайға “рахмет!, рахмет!“ десип атыр. Жубат болса, ҳеш нәрсеге түсине алмай, шекесин услап жылап отыр.

Балтабай түйиншикти ийесине әкелип берди. Ийеси оған бар алғысларын жаўдырды. Басынан сыйпалап, жаўырнынан қақты.

Мине, Балтабай биринши мәртебе адамларға “жақсылық“ иследи. Бирақ, оның соңғы жақсылықлары қандай болар екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУЗДА ҚАЛҒАН ЕТИК

(*гүрриң*)

Бир топар балалар мектептен қайтты. Олар азлан соң бағдарын алыстан жылтырап көринген үлкен муз айдынына қарай бурды. Бирақ, еле бетти шымшып, мурынды қызартатуғын суўық болмағанлықтан ба, муздың қатыўы жуқа еди. Яғный, бир топар балалар қатарласа түссе, муз шатырлап жарылып атырғаны. Бирақ, бар ықласы менен ойынға кирисип кеткен балалар муз жарылмақ түўе, ойылса да тыңлайтуғын түри жоқ. Хәммеси папкаларын арқасына асынып, алып, бири-биринен қалмаўға ҳәрекет етип, жарыспаққа сырғанап жүр.

Балалардың ишинде төртинши класста оқыйтуғын Жалал да бар. Бирақ, ол кишкентай болғаны менен, муз сырғанаўға келгенде, алдына адам салмайды. Жалалдың бир әдети-қайсы ойын болса да бир мезгил даўамында ойнамаса, ҳеш кеўли кеншимейди Мине, муз сырғанаўды баслады ма демек, ол кешке шекем даўам етиўи керек.

Балалар бирим-ирим тарқаса баслады.

—Жалал, жүр кеттик. Қарынларымыз сырнай шерте баслады-ғой. Қаламасын аўқатқа тойып болып ойнармыз, —деди алтыншы класста оқыйтуғын Махмуд оны ертип кетпекши болып.

—Як! Мен аш болганым жок. Өзиң кете бер,— деди Жалал арқасындағы папкасын жерге қойып атырып. —Мен ойынға жаңа киристим.

—Мәйли, мен кеттим. Бирақ, жалғыз өзиң қаласаң. Оның үстине музға ойылып кетсең...

—Ой—бу—ў! Онша ғамхор бола бермей-ақ ғой!

Бул сөз Махмудқа қаттырақ батты ма, ол қайтып үндемеди Папкасын арқасына қағып салды да, үйине қарай жуўырды. Муз айдынында Жалалдың жалғыз өзи қалды.

Бул үлкен айдынның ишинде Жалалдың шарламаған жери қалмады. Шаршағанында билмеди. Анық қызғаннан соң пальтосын да, малақайын да шешип қойды. Маңлайынан "бурқ" етип шыққан тер бет-аўзын қалай болса



www.ziyouz.com kutubxonasi

солай жуўып турды. Ақыры, шаршағанын сезди ме, басына малақайын кийип, папкасының үстине барып отырды. Аздан соң орнынан және ырғып турды.

Енди ол пүткиллей басқа тәрепке карай сырғанап кетти. Бул тәрептиң музы болса, әдеўир жука еди. Бирақ, бул Жалалдын ойына кирип те шықпады. Узақтан пәт пенен жуўырып келди де, бийиктен төменге карай сырғанап кетти. Бир гезде... муз патырлап сынды. Жалалдың бир аяғы ойылып кетти. Суў жүдә терең емес еди. Бирақ, асты уйма екен. Аяғын ширенип әри-бери тартты. Суўырып ала алмады. Тағы жулқыды... Тағы... Бул рет етик емес, ал оның ишиндеги аяғы шылғаўы менен қосыла суўырылып шықты.

Ақыры болмады, етигин таслап, бир аяғы менен хәккелек атып, папкасы турған жерге келди. Етиксиз қалған аяғын шарыбы менен мукыятлап орап алды.

Жалалдың үйи бул жерден онша қашық емес. Бир шақырымдай жер. Ол үйине бир аяғында етик, екиншисине шарф ораған күйинде келди. Тап усы гезлери қас та қарайып үлгерген еди.

—Хаў балам, күн батқанша қайла жүрсең?—деди кемпир апасы есиктен кирип келген Жалалға.

—Түстен кейин де оқып едик,—деди Жалал қас қақпастан.

—Қой балам, өтирик те орны менен. Махмуд сени муз сырғанап қалды. Хәзир келеди деп еди. Соннан кейин бизлер сениң алдыңа шықпай отырмыз... Хаў, мынаў не?—Кемпир апасының көзи Жалалдың аяғына түсти.

—Етигим музда...

—Әй жүўернсмек—әй! Усы муз десе бойынды тамнан таслайсаң! Ойынға-ақ бир тоймадың! Усыннан аязлап аўырсан—ғой... Мине, қараңғы да түсти. Етигинди ертең әкелермиз. —Кемпир апасы оны пештиң қуўысына отырғызды. Жалал пеште аягын қыздырды.

Ертеңине ерте Жалал қасына кемпир апасын ертип, муз айдынына келди. Келсе, етигинин жартысы муздың астында, ал қалған жартысы сыртта екен. Түнги суўықтан әбден қатқан муз, етиктиң мойнынан "ғыйқылдатып" қысып алыпты.

Музды ойып, етикти алды да үйине келди. Жаныл



www.ziyouz.com kutubxonasi

турған пештин қуўысына қойды. Бирақ, ол қашан кебеди? Жалалдың болса күтип отырыўға ўақты жоқ.Мектепке кетиўи керек. Кийиўге басқа аяқ кийими де жоқ. Ақыры, болмады. Жетинши класста оқыйтуғын әжағасының отыз сегизинши размерли етигин кийип, мектепке кетти.

Арадан күнлер өтти. Мектептеги "Сона" деп аталған дийўалы газетада Жалалдың аяғына үлкен етикти кийип, муз сырғанап жүрген сүўрети шықты...

## СУМКА НЕГЕ ЖЫРТЫЛДЫ?

*(гүрриң)*

Сабыр мектептен келди де, күнде шкафқа салып қоятуғын сумкасын бүгин умытты ма, негедур екинши класста оқыйтуғын үкесиниң сумкасының қасына апарып қойды.

Анасы кеште бир талай етип сомса писирди. Екинши класста оқыйтуғын Тайыр апасына көрсетпей сомсадан урлап "ертең мектепке барғанда жеймен" деп кәттиң астындағы сумкасына апарып тыға берди. Анығы, ол алжасып, өзиниң емес, ал әжағасы Сабырдың сумкасына салды. Себеби, олардың екеўиниң сумкасы да бирдей еди.

Тайыр бираздан соң және бир талай сомса әкелип, бағанағы сумкаға салды. Сумка ишиндеги китаплар менен қосыла әдеўир қампайып кетти. Енди ол "усы болар-аў" деп ойлады.

Ҳәмме дастурхан басына жыйналды. Анасының ишине гөш салып, мазалы етип писирген сомсасын Сабыр менен Тайыр таласып жеди. Ширенип тойып алды. Соң олар тапсырма да таярламастан уйқыға жатты.

Азанда орнынан ерте турган Сабыр мектепке асыға баслады. Бет-қолын жуўды да, апасының демлеп қойған шайынан бир-еки кеса шала-пала жутты. Соң мектепке атланды.

Ўақыт еле ерте еди. Анығы, сабақ басланыўға бир сааттай ўақыт бар.

—Балалар, кәне, бир майдан муз сырғанаймыз ба, —деди Сабыр өзи биринши болып баслап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмме арқасындағы сумкаларын жерге қойып, сырғанап кетти. Сумкалардың басында бети май жаққандай жылтыраған томпақ қара бала қараўыллап қалды. Бир гезде оның сумкалардың ишинде айырықша болып, томпайып көринген Сабырдың сумкасына көзи түсти. Ҳеш ким қарап турған жоқ па деп кәўетерленип, ояқбуяғына қарады да, барып сумканы ашты. Қараса, иши толған сомса! Қуўанғанынан көзи жарқ ете қалды. Дәслеп биреўин, соң екиншисин алып жеди. Бир-екеўин өзиниң сумкасына да тығып үлгерди.

Бир мәҳәлле балалардың бәри сумкаларына қарай сырғанап келди.

—Ҳаў, Нийетбай, неге гүйсенип турсаң?—деди биринши болып жетип келген Сабыр.

—Ҳеш... Ҳеш нәрсе..—Нийетбай сомса услап турған қолын артына қайырып жасырған болды. Бирақ, оны қоршап алған балалар қолындағы сомсаны көрип:

—Нийетбай, маған биреўин бер?

—Маған да бер?

—Биреўин берсе?—деп жабырласа баслады.

Усы гезде Нийетбай аўзы ашық турған Сабырдың сумкасына көзиниң қыйығын таслады. Соң оған барлық балалардың көзи түсти.

Балалар Сабырдың сумкасын барып тарпа басты. Бир кишкене шаққан бала көзди ашып жумғанша сумканы иле қашты. Басқалары изинен қуўып кетти. Балалар изине жетип алып, сумканы биреўи арман, биреўи берман тартты. Ақыры, сумка еки ортада тең ортасынан "пырр" етип айрылды. Ишиндеги китаплар да, сомсалар да шашылды. Сабырдың болса ҳеш нәрсеге түсинбей ақылы ҳайран болды. Соң апасының кешеги сомса писиргени ядына түсип, "Тайырдан келген бәле қусайды" деп ойлады. Сумкасының жыртылғанына, китапларының шашылғанына қатты ашыўы келип, өксип-өксип жылап жиберди. Себеби, сонша балаға не илаж ете алар еди. Балалар бираз өкинишли қарап турды да, соң жерде шашылып атырған сомсаларға көзи түсип, оларды тарпа басты.

Сабыр шашылған китапларын қолтығына қысты да, досларына ашыўлы нәзер менен бир қарады. Соң изине қарамастан адымын шыйраклатып жүрип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сабыр сол күни бағанағы досларына қосылмады. Оқыўдан жалғыз өзи қайтты. Үйине келди. Ҳеш нәрсе ишип-жеместен бойын кәтке атты. Ашыўы келгени сондай, ҳеш тынышлана алмады. Тайырды изледи. Бирақ, жақын жерден оны таба алмады.

—Балам, аўырып келдиң бе,—деди анасы Сабырдың жатысын қолайсыз көрип.

Сабыр үндемеди. Сол жатыстан кешки аўқаттың ўақтында турды. Аўқатты қалай болса солай гүреп салып отырған Тайырға оқырайып бир қарады да, жудырығы менен жаўырнына салып жиберди.

—Бәри сеннен болған нәрсе! Ашкөз!

—Не? Не өзи балам?—деди анасы таңланып.

—Өзи биледи. Кешеги сомсалардың көбисин бизиң сумкаға тығыпты. Өзиники деп ғабырысқан, болмаса бизикине өлмей салады-аў! Бирақ, кейни не болды? Мен тап-таза сумкамнан айырылдым.

Сабыр болған ўақыяны анасына қалдырмай баянлап берди. Буны тыңлап отырған Тайыр айыбын түсинди ме, басын төмен алып қып-қызыл болып кетти...



www.ziyouz.com kutubxonasi



## ЕРКЕБАЙДЫ КИМ ЕРКЕ ДЕГЕН?

(*гүррин*)

Бөршитаў. Оған жақын жерде „Қаратерең“ жайласқан. „Қаратерең“ ди биреўлер көл деп те, дәрья деп те ҳәтте, теңиз деп те атайды-аў. Бирақ, көл дегени дурысырақ-аў сирә?! Бул жерге келип көргенлериңиз болса, жақсы билесиз. Оның сууы жағадан қара реңде, күтә терең, түпсиздей болып көринеди. Еки бойы тынып турған жап-жасыл тоғайлық. Бөршиниң төбесинен қарасаң, алыс-алыслардағы өркеш-өркеш кумлар қуяштың нурында алтындай жылтырап турады. Усыларды көрип, тәбияттың гөззаллығына әбден сүйсинесең. Усы жерде бир жайнап-жаснап дем алғың келеди.

Бул жерге жакын бир аўыл бар. Усы аўылда Еркебай деген он жасар бала турады. Бизиң гүрринимиз де әне, сол бала ҳаққында. Оны ҳәмме „ерке“ деп атайды. Дурыс, еркешилиги бар. Ақыры, ол үйиндеги ен генжеси-дә! Аўқат жесе, таңлап жейди. Айтқаны болмаса, жер тепсинип жылайды. Үйиндеги үлкен атасын меншиклеп алған. Өзиниң айтқаны болмаса, дәрҳал атасын ортаға салады. Бирак бәрибир оның ерке екенине тек сол үлкен атасы ҳеш исенбейди.

Еркебайдын кәри —„Қаратерең“ ниң бойына барып, кармақ салыў. Балық тутпаса да, ол соны үлкен маба биледи.

Бир күни ол атасы менен қой-қозыларын бағып жү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рип, тогайды аралады. Тоғайда қызық көп. Қуслар патырлап ушады. Қарасаң, қанатлары менен көкти сызып баратырғандай. Жийде-жигилдиклер тамылжып тур. Әсиресе, торaңғыллар көп. Олардан ушқан үпилдириклер мисли қар жауып атырған пайытты еслетеди. Гейбир жерлериниң қалыңлығы сондай, ҳәтте қуяштың көзи де көринбейди. Әне, олар усында усындай жерлерди панaлап, үйден алып шыққан азықларын ортаға қойып, от жағып, шай қайнатып ишели. Ықласы менен сайраған ҳәр түрли қуслардың жағымлы сеслери еситиледи. Ҳәр қус сайраған сайын „бул қайсы қустың даўысы, ата?"— деп атасын қайта-қайта сораўға тутады.

—Бүлбил-ғой балам,—дейди атасы. Және бир жақлардан тоқылды еситиледи. „Бул не тоқылды?" дейди және.

—Тоқылдаўық деген қус ғой, балам. Ол ағашлардың арасынан қурт излейди. Тумсығы менен ағашты тоқылдатып урады. Әне соң оны ҳәмме тоқылдаўық деп атаған,— дейди атасы.

Ол атасы талай ирет ертеклеринде айтып берген қуйрықлары мың асар түлкини де, салпы қулақ қоянды да, қасқырды да көрди. Оның сол ҳайўанлар менен дослacқысы келди. Тап мазалы конфеталарды жеп, шай ишип отырғанда олардың биреўи келе ғойса, конфеталарынан бере қояжақ.

Соң Еркебайдың жалғыз өзи тоғайды аралап жүретуғын болды. Ол тек тоғайдың қалың жеринен ҳәм ағашлардың күтпегенде шатырлап сыныўынан ғана қорықты. Бирақ ол тоғайды сақлық пенен, өзине үлкен исеним менен аралайды. Араламасада болар еди. Лийкин, тәбияттың гөззаллығына күтә сүйсинеди. Торaңғылдың саясында жатып алып, қуслардың ҳәр қыйлы намаларға салып сайрағанларын тыңлайды. Ямаса, торaңғылдың басына өрмелеп алып, узақ-узақларға қумарлана қарайды. Усы ўақытта ол дүрлигип ушқан қусларды да, жортып баратырған қасқырларды да көреди.

Бир күни торaңғылдың басында отырса, аўылдағы Тәжибай да тоғайды аралап жүр екен. Оның көриниси жүдә қорқынышлы еди. Себеби, ийнине мылтығын асынып алған. Изинде ийти. Дәслеп, Еркебай ҳайран болды: „Тәжибай аға не қылып жүр екен? Қоян аўлап жүрген



www.ziyouz.com kutubxonasi

шығар?“ деп ойлады. Ҳәм сол ўақытта Тәжибай бирден патырлап ушқан қырғаўылды гөзлеп атып жиберди. Тоғайдың иши жаңғырып кетти. Ҳәттеки, көзлери жылтыраған кесирткелерге дейин инлерине тығылып, зым-гайып болды. Бийшара қырғаўыл аздан соң жерге жалп ете қалды. Қырғаўыл болғанда қандай! Пәрлери қуяштың нурында гүмистей жылтырайды. Тәжибай қалтасынан шаққысын алып, оның тамағынан тартып жибергени, Еркебай „Жаўыз!“ деп жылап жиберди. Торанғылдың басынан қалайынша жерге секирип түскенин билмей қалды. Тәжибай бетке шыбындай ушты.

—Ҳаў Ерке, сенбисең? Не қылып жүрсең? Адасып қалдың ба?—деди Тәжибай шаққысын қалтасына салып атырып.

—...

Еркебай қаны сорғалап атырған қырғаўылды катты аяды. Биресе, Тәжибайға, бирсе, қырғаўылға қарады.

—Неге?.. Неге өлтирдиң?—деди ол даўысы қалтырап. Жүреги бир нәрседен қорыққандай дүрс-дүрс соғып, гәзеби қайнап кетти.

—Ўәй балам-әй, қырғаўылдың мазасын татпаған баласаңғой! Мә, сен-ақ ал! Атаңа апар. Бир қуўанып қалсын!

—Як! Керек емес!.. Жаўыз! Кет! Кет бул жерден! Тоғай меники!..

—Ўа-ҳа-ҳа. Не дейди мына жүўернемек?!—Тәжибайдың мысқыллы күлкиси Еркебайдың денесин түршиктирип жиберди.

—Еле сен мынаў жерди де, аспанды да меники дерсең?!

Аўа, меники!

Мен сени қырғаўыллың гөшин жей ғойсын десем, ҳәддиңнен асасаң-ә. Пайдасын билмеген гөдек!..

...Усы ўақыя Еркебайдың есинен бир ели кетпеди. Бир неше күнге шекем қырғаўылдың „жалп“ ете қалғаны, қолына мылтық услаған Тәжибайдың жаўызлық келбети қайта-қайта көз алдына келе берди. Соннан берли Тәжибайды көрсе, терис қарайды. Ерке болса да оның менен сәлеми дүзиў еди. „Ассалаўма алейкум“ деп қос қолын созатуғын бала усы ўақыядан соң биротала қырсықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мен бажбан боламан,—дейди ол ҳәр сапары атасына. —Кусларды, ҳайўанларды, тоғайды бағаман, ҳеш кимге аткызбайман.

—Нийетиңнен айналайын,—дейди атасы басынан сыйпап. —Тогай—халық байлығы. Оны корғаў, ғамхорлық етиў керек. Гейпара тоғайлар қараўсыз қалып атыр. Оларды ҳәр қыйлы ағашлар егип көркейтиў орнына жоқ етип атыр.

—Агашлар егиў дейсиз бе? Мен үлкейсем, әлбетте, егемен.

—Менин балам акыллы-аў! Ким сени ерке деген?! Бийдай өсирсең бир жыл, дарақ шанышсаң он жыл, ал ҳакыйкый ел перзентин өсирсең халық сени жүз жыл аўзына алып жүреди. Мен куўанышлыман. Ҳақыйқый халық перзентин өсирип атыр екенмен,—деди атасы ҳәм көзлерине ериксиз жас алды.

Еркебайдың тезирек үлкейип, атасының айтқанындай дараклар егип, тоғайды көркейткиси келип кетти.

...Ерте бәҳәр еди Еркебай тоғай аралап қайтыўға шықты. Бир гезде оның көзи лаўлап жанып атырған тоғайға түсти. Өз көзине өзи исенбеди. „Бөрши"ниң төбесине шығып карады. Аўа, шынында да өзиниң сүйикли тоғайының бир шети жанып атыр. Ол усы гезлери кустай ушып барып, тоғайды қалай болса солай жалмап баратырған отты урты менен суў тасып болса да өшириўге кайыл еди. Бирақ, бундай ойга тек ертеклерде ғана ерисиў мүмкин екенлигин ойлап, аўыр гүрсинип қойды. Еркине күши жетпей, сыңсып жылады. Оның жаслы көзлерине тек тоғайды жалмап баратырған жаўыз оттан баска-ҳеш нәрсе көринбеди.

Үйине келди. Атасын излеп таўып, ўақыяны айтты.

Жер ашып атырған ғой, балам... Ҳайрансаң, баска, жерлер капылып, тоғай калыппа енди?! Әттегене-әй!,.. Ҳаў ана кара, өркеш-өркеш кумлар! Неге сол жерден ашпайды жерди?!

Еркебай атасының сөзлерин тыңлап отырып, тоғайды—тәбияттың бий-баҳа саўғасын жоқ етип, өртеп атырғанларды көз алдына келтире алмады. Ақыры, ол барлық адамлар да тоғайды өзиндей сүйеди деп ойлар еди. Әсиресе, ол тоғайдағы қусларды, ҳайўанларды ойлады. „Ен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди мен оларды көре алмайман“ деп койды ишинен. Тула бойын ашыў кернеп, уўайым басты. Ҳеш нәрсеге иштейи болмай, жатып алды.

Еркебай ушын тоғай емес, ал оның арзыў-нийетлери, ойлары, өртенгендей еди. Ол елеге дейин „Қара терең“ ге келсе, „Бөрши таў“ дың төбесине шығып қараса, дәрҳал көз алдына сүйикли тоғайының бурынғы келбети елеслейди. Мисли, ол жаңадан толысып, бурынғыдан да бетер қулпырып турғандай...

## БАҒДЫ КИМ ЖАРАТҚАН?

(*Ертек*)

Жақында ғана жарық дүньяға шығып, оның гөззаллығына тан қалған Ғарғаның генже баласы соңғы ўақлары терең ойға шүмди. Әсиресе, айналадағы өсип турған рәңбәрең гүллерди, бағларды, барлық тәбияг гөззаллығын көрип, ақылы ҳайран болды. Оның қыялында „бул әжайып бағлар менен гүллерди ким жаратқан екен“ деген сораў ҳүким сүрди. Соң бул сораўларға жуўап табыўды ойлады. Қалай болмасын билгиси келди. Ҳәр қыйлы мийўели дараклар, гүллер өсип, ырғатылып турған ҳәремниң үлкен дәрўазасынан бағка кирди.

Ғарға жән-жағына қарады. Жақын жерде көзине ҳеш ким түспеди. Бир гезде гүлдиң шақасына қонып, жағымлы ҳаўаз бенен сайрап атырған Бүлбилди көрди. Оның қасына жақынлап келип:

—Ҳүрметли сести жағымлы қус! Мына бағдың ийеси сиз бе? Сиз жаратқанбысыз?—деди қанатын силкип-силкип қойып.

—Жоқ ҳүрметли Ғарға! Мениң атым Бүлбил. Мен бар жерде бағлар гүл-гүл! Яғный, мен гүл, гөззаллық ышқыпазы тек!

—Жоқ, ҳүрметли қус! Сиз мени алдап турыпсыз? Жағымлы, әжайып сестиңиз бар. Қара, қандай сулыўсыз! Демек, мынаў әжайып, сулыў бағ да сизики?

—Мен ҳадал қуспан. Жалғанды, марапатты жек көремен. Исенбесең, ҳа анаў Шымшықтан сора!—деди Бүлбил қып-қызыл шийениң шақасына қонып отырған Шымшықты нусқап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарға аўдаң-аўдаң жүрип Шымшыққа келди:

—Ҳүрметли Шымшық! Маган ҳақыйқатлықты айтсаңыз? Мына әжайып бағдың ийеси ким? Буны ким жаратқан?—деди оған тигилип.

Шық-шық-шық! Бизики ушып-қоныў тек! Буны ҳаў анаў Гүбелек билсе керек!—деди де Шымшық „пырр" етип ушып кетти.

Ғарға және аўданлап, қанатларын желпип,гүлге қонып отырған Гүбелектиң қасына келди:

—Ҳүрметли Гүбелек! Бәлким сиз билсениз керек. Бул әжайып бағдың ийеси ким? Ким жаратқан?

—Мен тек Гүбелек. Маған да усындай гөззаллық керек. Ал, мен болсам, ушып-қоныў менен ҳәлек! Ким жаратқан? Билмедим достым, билмедим,—деди де ол қанатын желпип-желпип көтерилди. Соң гүллердиң қалың жерине синип, көзден ғайып болды.

Ғарғаның ақылы ҳайран болып, не ислерин билмей турғанда, алдынан үлкен бир Тышқан жуўырып өтти.

—Тоқтаң, ҳүрметли қус!—деди Ғарға оның изинен даўыслап.

—Мен қус емеспен! Қус деп шақырғанға келмеспен —деди Тышқан жиңишке даўыс пенен.

—Онда кимсиз?

—Мен .. Мен Тышқанман! Маған жерде жасаған жақсы, ушқаннан!

—Таптым! Демек, сиз жерде жасайсыз? Онда мына бағдың хожайинисиз-ғой?—деди Ғарға ушып-ушып қуўаның.

—Ҳий-ҳий-ҳий —Тышқан бағды басына көтерип шыйқыллап күлди.

—Билесең бе, мен саған дурысын айтсам мени бир өмир жек көрип қаласаң!

—Айтың, жек көрмеймен?

—Бери жақынлаң? Мен сизге айтсам шыннан, усы гүллерге, бағларға шыққан жаўман бурыннан! Олардың тамырларын қыяман. Сол ушын да сизлердей аспанда я жердиң үстинда жасамайман. Мениң мәканым-жердиң асты.

—Сонда сиз кимнен қорқасыз?

Билесең бе, жердиң бетинде уллы бир тулға жасайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оның аты—Адам. Ол дүньядағы ең қудиретли жан. Барлығы оларға бағынады. Ҳәтте, бизиң менен сизиң өмиримиз де солардан ғәрезли.

—Адам?... Демек, мына бағларды, гүллерди солар жаратқан екен-дә?!... Тоқтаң, оны қайлан тапсам болады?

—Усы бағдың ишинен. Еле де алдарақ жүриң. Ол бағдың төринде жер кетпенлеп атыр. Мен сол жақтан қашып киятырман. Ол мениң инимниң аўзын көмип таслапты. Енди ол кеткеннен соң, қайтадан қазып, таўып алмасам баска илажым жоқ. Бизлер Адамларды жақсы билемиз. Бирақ, усындай бир-биримизге душпанбыз.

Неге олай?

—Усылай жаратылғанбыз! Усылай өтсек керек?!

—Яқшы онда, мен кеттим!—Ғарға Тышқанға рахмет айтты да, Адамды излеп кетти. Бир гезде гүллердиң арасын кетпенлеп, жумсартып атырған Адамды көрди. „О,қудиретли Адам! Мен сизди қанша изледим. Мына, әжайып гөззаллықтың жаратыўшысы, бул дүньяны көркейтиўши сиз екен ғой? Мине, енди сораўыма жуўап таптым. Жер кетпенлеп атырсыз, демек, бағыңыз және де сулыў, және де көркем болады. Ең баслысы, сиз бул дүньяны көркейтип атырсыз"—деди Ғарға гүбирленип маңлайынан тери суўдай аққан Адамға сүйсинип қарап.

Бирақ, Адамның Ғарға менен де, баска менен де иси болмады. Ол тек бул дүньяның келбетине сән бериў, көркейтиў ушын тынбай мийнет етер еди...

## ТИМУР АТЛЫ ЖЕТИМ БАЛА ҲӘМ БИРҚАЗАН

(*Ертек*)

Бурынғы өткен заманда бир қалың тоғайдың ишинде Тимур атлы жетим бала жасапты. Оның күтә ақыллы, үлкен суп-сулыў Бирқазаны болыпты. Усы Бирқазанынан ҳәм жаман ылашығынан баска ҳеш қандай әменгеридәскеси болмапты. Айтқандай, әкесинен қалған бир мылтығы болыпты.

Бирқазан да ата-анасынан жетим қалған. Ол бир күни узақ мәнзиллерге ушып баратырғанда, усы Тимур жасайтуғын тоғайда дем алыпты. Қараса, ылайдан ыла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шык салып атырған бир баланы көрипти. Балаға жақынлап келип:

—Уллы мәртебели адам, сиз жалғыз өзиниз мынаў қалың тоғайдын ишинде не қылып жүрсиз? Бул жерде адам жейтуғын аш қасқырлар менен жолбарыслар көп. Қорықпайсыз ба?—депти.

Сонда бала турып оған:

—Жоқ, бийтаныс қус! Мен ата-анадан жетим қалған дәўжүрек баламан. Мениң ата-анам да усы тоғайда жасады. Екеўи де кеселленип өлип кетти. Дурыс, мынаў қалың тоғайда мениң жалғыз өзим. Бирақ, мен қорқыў дегенди билмеймен,—депти.

—Екеўимиздиң тәғдиримиз бир екен. Мен де жетиммен. Атым—Бирқазан. Ата-анамды болса аңшылар атып өлтирди. Туўысқан-туўғанларым да бар еди. Бирақ, олар мени таслап узақ-узақларға ушып кетти. Мен ата-анамның мәканын таслап кетким келмеди. Бирақ, жалғызлық жаныма батты. Енди мен оларды излеп ушып баратырман. Бәлким, маған олар менен дийдарласыў несип те етпес. Жолда мени де аңшылар атып өлтиреме деп қорқаман,—деп қамсығыпты Бирқазан.

—Олай болса, сен де усы жерде кал. Екеўмиз бола беремиз. Биреўден екеў жақсы,—депти бала.

Мине, еки жетим усыннан баслап бирликте жасай берипти. Ылашықты салыўға Бирқазан урты менен суў тасып, көп жәрдем етипти. Сөйтип араларында беккем дослық басланыпты...

...Бир күни Тимур әкесинен қалған мылтықты қолына алып, аңға шықпақшы болыпты. Оны көрген Бирқазан баланын алдын кес-кеслепти. Қолындағы мылтығын қанаты менен қағып жиберип:

Тимур, сен әкеңниң жолын қуўма! Әкең талай қусларды, ҳайўанларды атып, олардын балаларын мына, бизлердей етип жетим қалдырған. Олардың көз жасларына қалған. Мине, сен де жетимсең. Бул сол көз жаслардың ақыбети! Достым, өзлеримиз жетим бола тура бул күнди енди қайтып ҳеш кимниң басларына салмайық,—деп жалбарыныпты.

—Жо—о—қ, достым! Сен ата-ананның өлимин ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң әкемнен көрме! Бизге аўкат керек. Болмаса, екеўмиз де аштан өлемиз. Шық! Жолымнан шық! Болмаса... —депти қәҳәрленген бала мылтығын Бирқазанға гөзлеп.

—Ат! Сен достыңды атпакшысаң-ғой я? Мен тек сениң әкеңди емес, барлық аңшыларды жек көремен! Олар жанлы жәниўарларды аямайды. Кәне, ат!—деп көкирегин тутыпты Бирказан.

Бала достына мийримсизлик ете алмапты. Намыс кысып, басын төмен алыпты.

Бери кара, Тимур! Сен инсансаң! Барлық нәрсеге ой жиберип билиўиң керек! Акылын да бизлерден зыят. Ҳәмме нәрсе сизлерге бойсынады. Бирақ, тәбиятқа, ҳайўанатлар менен қусларға бәрине, бәрине пәрмана болыў жақсылық етиў сизлерден ғарезли. Сол ушында Адам—жердеги уллы тулға. Солай емес пе?—депти Бирқазан.

—Солай шығар. Бирақ... Бирак, мениң әкем неге буны түсинбеген. Оның қолынан да жақсылық етиў келер еди-ғой?!

—Әлбетте, келеди. Бирақ, оған ҳүжданынан көре, жалғыз тамағы үстемлик еткен болса ше? Және де ол адамлардан бөлек жасағаны ушын мийримсизлеў болған. Яғный, жабайы адамларға айланып баратырған. Билесең бе, достым. Мынаў тоғайдың иши толған жемис. Бул жерлерде ҳеш қандай аштан өлиў мүмкин емес. Қәлесен, мен саған узақ жақлардан-ақ жемислер терип әкелип беремен. Сени арқама мингизип, көп халық жасайтуғын еллерге, қалаларға апараман. Сен ол жақлардан көп етип азык-аўқатлар алып қайтасаң. Кәлесен, адамлардың арасында қал. Олардың арасында жасаў күтә кеўилли, —депти Бирқазан.

—Мәйли,—депти Тимур мылтығын ылашыққа илдирип.

Жоқ! Буның менен ис питкен жоқ! Ол ушын дәслеп мылтықты пүткиллей жок етиў керек.

Як достым, мен әкемнен қалған жалғыз мийрасты жок ете алмайман. Ол әкемнин өзи—көзи,—депти бала.

Якшы! Онда „енди қайтып бул тоғайда мылтықтың даўысы шықпайды!" деп сөз бер ҳәм усылайынша үш мәрте бақыр,—депти Бирказан.

Тимур тоғайды жаңғыртып үш мәрте бақырыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дәўысты еситкен қуслар, ҳайўанлар „енди бизлер қәўетерсиз жасаймыз. Ҳеш қайсымыз жетим калмаймыз" десип куўанысып калыпты. Ертеңине тоғайдағы барлық қуслар ҳайўанлар ҳәгте, жырткыш деген жолбарыслар менен касқырлар да жыйналысып Тимурдың ылашығының алдына келипти Олар Тимурға жақсылығы ушын шексиз алғыслар айтыпты. Соң олар ҳәр күни балаға ҳәр қыйлы мазалы жемислер, азық-аўқатлар әкелип туратуғын болыпты.

—Әне көрдин бе?—депти бир күни Бирқазан. —Булар жақсылыққа-жақсылық деген. Енди бул тоғайдағы барлық қуслар, ҳайўанлар сениң жақсылығыңды ҳеш қашан умытпайды.

Жетим бала усы гезлери өзин әменгерлери, туўысқан-туўғанлары, жора-жолдаслары көп сыяқлы сезипти.

Арадан айлар өтипти. Бирқазан да ўәдеси бойынша баланы аркасына миңгизип узак жакларға апарыпты. Ел халықты көрсетип, көпшиликке—адамлардын арасына алып келипти. Тағы... Балаға Бирказан айтқандай бул рет адамлардың арасында жасаў күтә заўықлы, шадлы болып көринипти. Ҳәм бала бул жерде мәңгиге қалыпты. Ал, Бирқазан болса, бала менен хошласып, өзиниң туўысқан-туўғанларын излеп узақ мәнзиллерге қарап ушып кетипти...

## ҚУЯШ СӨНБЕЙДИ!

*Бир актли пьеса*

*(Ўақыя урыстың дәслепки жылларында болып өтеди.)*

**Катнасыўшылар:**

АНА—50 жасар.
ОРАЗ—баласы 13 жасар, пионер.
ШЫРАЗ—ол да баласы 17 жасар, комсомол.
МӘМБЕТ—Ораздың досты.
ҚАЙЫП АҚСАҚ—Почтальон, 60 жасар.

### Көринис

*Ораздың үйи. Өжирениң оң қапталында үстине үш-төрт көрпе-төсек жыйналған гөне сандық тур. Дийўалға қалпақ-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*лы радио илдирилген. Жерге шипта төселген. Есикке жақын жерде бир мыс қуман, еки шелек ҳәм лагеннен басқа ҳеш нәрсе көгинбейди. Ораз анасы менен гүрриңлесип отыр.*

АНА:—Ораз, радионың кулағын бурап жиберсең—о, балам. Күнде азанда таза хабарлар еситип туратуғын едик.

(Ораз, радионы ашады. Күтпегенде оннан қайғылы хабар еситиледи.)

—Дыққат! Дыққат! Совет информбюросы хабар етеди! Бүгин таң азанда тис-тырнағына дейин қуралланған Гитлер армиясы күтпегенде бизиң шегарамызды жарып өтип, Ўатанымызға ҳайўанларша басып кирди! (Бул сөзлер ана менен баланың жүреклерине ништердей қадалды. Орынларынан ушып турып, турған жерлеринде үнсиз қатып қалды. Ананың көзлерине ериксиз жас тамшылары жууырды. Ораз жууырып барып, радиоға асылады)

АНА:—Тоқта балам, толық еситип алайық!

Ораз:—Жоқ, апа! Мына хабар жүреклерди езип баратыр. (Усы ўақытта сыртта кеўилли қосық айтып киятырған Мәмбеттиң даўысы еситиледи.)

МӘМБЕТ:—Саға алған Октябрьден,
Бахтымыз бар күндей күлген.
Биз балалар шад заманда,
Жайнап-жаснап өрбиген...

ОРАЗ:—Мәмбет-ғой. Жүдә кеўилли көринеди. Қосық айтыўын қара! (Мәмбет Ораздың үйине кирип келеди. Орынларында қыймылдамастан тикке турған Ораз ҳәм оның апасын көрип, шоршып кетеди)

МӘМБЕТ:—Ҳаў Ораз, не қылып турсызлар?! Қаншайым апа, Ораз тәртипсизлик етип, кеўлиңизге тийди ме? Әй-йй, усы Ораз да бир... (Ораздын апасы жүзин жууған жас тамшыларын орамалының ушы менен сыпырып Мәмбетке бурылады.)

АНА:—Балам, несин сорайсаң! Бахытсызлық жүз берипти! Жаңа ғана кәддимизди тиклеп киятырмыз ба десек, тағы маңлайымызға дус болғанын қарашы!

МӘМБЕТ:—Не өзи апа, түсинбедим?

АНА:—Урыс! Урыс басланды балам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

МӘМБЕТ:—Не дейди? Ол қандай урыс?

АНА:—Немислер бизиң жеримизге басып кирипти. Жаңа ғана анаў радиодан хабарлады. (Ол қолын шошайтып радионы көрсетеди)

МӘМБЕТ:—Немислер дедиңиз бе? Олар ким?

Ана:—Олар күтә жаўыз халық, балам. Енди ҳалқымыздың басына аўыр күлпет түсти дей бериң. Әжағаларыңыз, әкелериңизди урысқа алып кетеди.

МӘМБЕТ:—Ой—бу—ў! Жүдә қыйын болған екен-гой! Сонда бизлердиң оқыўымыз қалай болады? Муғаллимлер де урысқа кетсе...

АНА—Билмедим балаларым. Оның да иләжы болар. Ҳәзирги ең баслы ўазыйпа—елди қорғаў! Тайда туяқ қалмай урысқа атланыў!

ОРАЗ:—Апа, бизиң Шыраз әжағамлар да кете ме?

АНА:—Билмедим. Бәлким, ол да кетер. Бирақ, ол еле онсегизге толған жоқ.

МӘМБЕТ:—Онда бизиң Нәўбет әжағам сирә кетеди десеңиз?!

АНА:—Аўа балам, урысқа жарамлылардың ҳеш қайсысы да қалмайды.

ОРАЗ:—Мәмбет, жүр бизлер мектеп беттен хабар алып қайтайық! Оқыўымыз не болар екен? (Олар мектепке кетеди. Ишке Шыраз кирип келеди. Шыразға көзи түскен ана бирден өзгерип салады)

ШЫРАЗ:—Колхоздың жумысы да жүдә аўыр болып кетти, апа. Қазыўдан қазыў. Сирә тыным жоқ. Мына белим-ғой қалай болса солай қақсап баратыр. Бир жатып дем алмасам... Ҳаў апа, мазаңыз жоқ-ғой? (Апасы үндемейди. Өзинен-өзи қамсығады.)

ШЫРАЗ:—Ҳе-е, түсиндим. Урыс... Соның ушын ба?

АНА:— Сөйлеме! Көрдиң бе, усындай суўық хабарды есите турып, мәсирип жүргенин бул жүўернемектиң!

ШЫРАЗ: —Ҳеш мәсирип жүргеним жоқ, апа. Жаңа аўыл кенеске барып, урысқа кетиўге арза...

АНА:—Не? Не дейди? Мына жүўернемек?!

ШЫРАЗ:—Неге бунша кәўетерленесең? Кәтержан болабер. Алмайтуғын болды Еле жассаң дейди (Ананың көзлери бирден күлимлеп кетеди.) —Мен мәйли, урыс тамам болмаса, келеси жылы-ақ барарман дедим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

АНА:—Өлим! Тилегиң қара басыңа болғыр! Урыстың даўам еткенин тилейсең бе еле сен?(Ана есиктиң аўызында жатырған гөне геўишти алып тәп береди.)

ШЫРАЗ:—Жоқ, апа! Мен тек...

АНА:—Болды! тилиңди жут! (Усы ўақытта сырттан ший қурақ сумкаларын асынған Ораз бенен Мәмбет кирип келеди.)

ОРАЗ:—Ҳаў, апа не қылып атырсызлар? Даўысыңыз қатты шығып атыр ғой?

АНА:—Ҳеш нәрсе балам.(Ана қолындағы геўишти есик бетке қарай ылақтырып жибереди. Ораз бенен Мәмбет ақылы ҳайран болып, бир бирине қарасады)—Аўа, балаларым. мектеп бетте қандай хабар бар?

МӘМБЕТ:—Ол жерде аўылдың адамлары топланып атыр. Шамасы урысқа атланажақ қусайды.

АНА:—Бәлким солай шығар?(Ана аўыр гүрсинеди.) Астаўпыралла! Байлардың азабынан қутылғанымыз жақында еди. Бизиң халқымыз маңлайы ашылмаған халық болды-ғой! Жаңа ғана аяқларымызды еркин созып, дем алдық па дегенде... Бирақ, халқымыз қайсар мәрт халық. Кеңес ҳүкимети бәрине де шыдап киятыр, жеңип киятыр. Өйткени, тилегимиз ҳақ, ҳүжданымыз таза. Дүньядағы ең пәк нийетли адамлармыз. Бирақ, қаншама жан кетип, қаншама қан төгилетуғынын ядға алғанда, жүрегимиз түршигип кетеди... Аўа, балаларым. Урысқа ҳәмме барады. Мына сизлердиң, бизлердиң, халқымыздың бахты, келешеги ушын барады. Жан береди. Жан алады. Қан төгеди. Бирақ душпанның патас аяқларына Ўатанымыздың бир сүйем де жерин бастыртып қоймайды! Кетсин! Илаҳида жоллары болсын! Аман барып, саў қайтсын, әўмийин!... Қәне, енди балаларым, бизлер де халық жыйналған жаққа барайық. Кеттик!

ОРАЗ:—Ҳаў апа, Шыраз ше? Оны неге таслап баратырсаң? Бәлким оны да урысқа әкетер?!

АНА;—Ол кишкене бала емес. Өзи-ақ барар.

ОРАЗ;—Як, алып кетемиз! Сен оны жасырып қалмақшысаң. Олай ислей алмайсаң! Билдиң бе, ислей алмайсаң! Мәмбеттиң әжағасы азық-аўқатын алып,таярланып атыр. Ал, ол не, дизертир!



www.ziyouz.com kutubxonasi

АНА:—қой, өйдеме балам! мен оны жасырып қалыўға ҳүжданым бармайды, (Усы ўақытта иштен Шыраз шығады)

ШЫРАЗ:—Ораз, еситтим. Сен мени дизертир дедиң. Кешиpемен. Сен түсин, мен урысқа ҳәзир кетиўге таярман. Бирақ, мени ала ма, гәп сонда. Ақыры, арза бергеним де тыңлаған жоқ—ғой!

ОРАЗ:—(Басын төмен алып) Кешир. Кешир апа. Мен тек намыс қысып...

АНА:—Яқшы, кешиpемен, балам. Қәне, кеттик...

ПЕРДЕ

## Көринис

**Ораздын үйи. Анасы қолына Шыраздың сүўретин алып, өзинше гүбирленип отыр. Шыраздың урысқа кеткенине де бир жылға шамаласты. Бирақ еки рет ақ хат келди.**

АНА:—Балам, кеткенине де бир жыл болып қалды. Әйтеўир аман-есен келсең болар. Душпанлардын қанын суўдай ағызаман дейтуғын едиң. Ағыз! Жент ет! Күллерин көкке суўыр! Халқымыз саған бир өмир рыйза болсын. (Ана бул сөзлерди ғәзеп пенен сөйлейди. Усы мәҳәли сырттан Ораз кирип келеди.)

ОРАЗ:—Апа, Шыраз әжағамнан хат келди ме? (Ана Оραздың көзиниң тасасын алып, қолындағы сүўретти дастықтың астына тығады)

АНА:—Жоқ балам, тинаў күнги келген хаттан басқа келмеди.

ОРАЗ:—Апа, Шыраз әжағам да қатты мақтаншақ-аў! Сондай-әм болып па?! Немистиң танкасының астынан аман қалдым дейди. Мени баласынып жазғаны шығар? Исендирип болыпты. Ҳәссений! Урыста өзим болғанда ма, сүйеклерин сипсе етип жиберер едим фашист дегенниң! (Ораз мушын түйип, тисин—тисине қойып сөйлейди. Баласының бул сөзлерин тыңлап, ана өзинен өзи қамсығады).

АНА:—Бәрекелла, балам. Мен сизлерди бийкарға туўмаған екенмен. Сизлер нағыз Ўатан перзенти екенсизлер. Сизлерге айтарым, ҳәр қашан усындай ержүрек болың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ержүрек! Ўатан сизлердиң екинши анаңыз. Оны көздин қарашығындай қорғаў керек!

ОРАЗ:—Апа, сен де жыла ма. Ержүрек бол. Ержүрек адам жыламайды.

АНА:—Балам, мен анаман-ғой. Ананың баўыры елжирегиш келеди. (Усы ўақытта есик қағылады. Сыртган Қайып почтальон ақсаңлап кирип келеди)

ҚАЙЫП:—Келин, аман-саў отырсызлар ма? Ораз бала, әжағаңнан келген хатларды апана оқып берип атырсаң ба? Билесең бе, сениң әжағаң ҳақыйқый қаҳарман екен. Бул ҳаққында районлық әскерий комиссариатка хат келипти. Жақын арада ол хат сизлерге де келип қалар. Оны мен аўыл кенестиң ақсақалынан еситтим.

ОРАЗ:—Ата, және хат алып келдиңиз бе?

ҚАЙЫП:—Балам, мен биреўлерге жек көринсем, биреўлер жақсы көреди. Не ушын жек көреди? Ҳайранман. Гейде суўық хабар әкелгеним ушын ба? Хатларды бәрибир түбинде биреў тарқатыўы керек-ғой! Солай емес еп, Ораз балам?

ОРАЗ:—Дурыс, ата. Бирақ, суўық хабарды еситиў кимге аңсат дейсиз! Ол адамның солайынша-ақ пүтин емес жүрегине, онын жарасына дуз сепкендей етеди.

ҚАЙЫП:—Мине, балам саған хат. Апаңа оқып бер. Ал, онда мен кеттим. (Қайып почтальон шығып кетеди. Ораз қатты оқый баслайды)

ОРАЗ:— Әзийзим, анам! Баўырым, Ораз! Бизлер бүгин де немислерге қатты соққы бердик. Душпанның жүзлеген танкаларын, мыңлаған әскерлерин жоқ еттик. Украйнаны тазалап атырмыз. Кешеги аўыр саўашта мениң сизлерге анаў күни айтып жазған ең жақын достым Николай қаҳарманларша қаза тапты. Сизлер бул суўық хабарларға жыламаң. Қайтама, бизлерге мәдет тилең. Мениң ҳаўадай, суўдай, Қуяштай қәдирли әзиз Анам! Баўырым, қаналасым, Ораз! Сизлердиң Ўатан ушын гүресип атырған перзентиңиз, ағаларыңыз бир тамшы қаны қалғанша гүреседи. Жан береди. Жан алады. Бирақ, апа, баяғы өзиң айтқандай, душпанның патас аяғына бир сүйем де жеримизди бастыртып коймайды. Сизлердиң бахтыңыз, келешегиңиз бизлердиң ҳәр саат, ҳәр минут ядымызда. Апа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ораз, ҳәмме-ҳәммеңизге карап айтамыз, Қуяш ҳеш қашан сөнбейди! Ол өзиниң алтын нурларын Жер бетине мәңги бақый шашып турады. Биз усыған беккем исенемиз! Хош, сау болың! Ерте ме, кеш пе туўылып өскен алтын уямызға биз әлбетте, Жеңис пенен ораламыз. Бул ҳәммемиздиң аппақ тилегимиз..

ПЕРДЕ

## ДӘЎРАНБЕК ҲӘМ ОНЫҢ ДОСЛАРЫ

*Бир актли, алты көринисли пьеса*
*Ўақыя бир класс оқыўшыларының турмысында болып өтеди.*

### Қатнасыўшылар:

1. Дәўранбек 5-класс оқыўшысы.
2. Жеткербай —Дәўранбектиң әжағасы.
3. Анасы—45 жасар.
4, Баҳрам—5-класс оқыўшысы.
5. Шыраз—5-класс окыўшысы.
6. Муғаллим 40 жасар.
7. Рашид—5-класс оқыўшысы.
8. Рашидтиң анасы 50 жасар.
9. Басқа бир топар балалар.

### Көринис

Дәўранбектиң үйи. Дәстурхан басында Дәўранбек, Жеткербай және анасы отыр. Жеткербай менен апасы әллебир нәрселер ҳаққында сөйлеспекте. Дәўранбек болса малдас қурынып, тереңкыялға шүмген. Ол әжағасы менен анасының сөзлерине қулақ та түрип отырған жок.

АНАСЫ:—Дәўранбек, дурыслап отыр, малдас қурынба!

ЖЕТКЕРБАЙ:—Апа, Дәўранбек жүдә ойланып отырғой. Үлкейсе философ болама деймен?!

АНАСЫ:—Өй деген не, балам?

ЖЕТКЕРБАЙ:—Философ деген бе, апа? Булданышпан, ойшыл, барлық нәрсеге ой жиберип биле алатуғын адам дә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

АНАСЫ:—Қәйдем. Дәураннан ондай адам шыға кояр ма екен?!

ДӘЎРАНБЕК:—(Орнынан шапшып турып. Жеткербайға қарап жекиринеди.) Пилосоп-силособынды билмеймен. Мен артист боламан, билдиң бе, артист! Артист болғанда да анаў-мынаў емес, циркши артист!

## ПЕРДЕ

### Көринис

Даладан көшениң балаларының даўыслары еситиледи. Дәўранбек жуўырысы менен сыртқа қарай атлығады. Балаларға келип қосылады.

ДӘЎРАНБЕК:—Баҳрам, Шыраз, ҳәммеңиз бери келиңлер. Мен сизлерге фокус көрсетемен.

БАҲРАМ:—(Таң қалған түр менен) фокус?! Жоқ-ә, мүмкин емес.

ДӘУРАНБЕК:—Исенбейсең бе? Шын пионерлик сөзим. Рас-ақ фокус көргиңиз келе ме?

БАҲРАМ:—Аўа. Бирақ, көрсете алмайсаң.

ДӘЎРАНБЕК:—Кәне, онда былай ислең. Үйлериңизге барып ҳәр қайсыңыз бир қосыўыс қант әкелиң!

БАЛАЛАР:—(Бәри жабырласып) Оны не ислейсең?

ДӘЎРАНБЕК:—Ақыры, фокус көрмейсиз бе?

БАҲРАМ:—Паҳ, сөз болғанына! Қанттан қандай фокус көрсетиў мүмкин!

ДӘЎРАНБЕК:—Қанттан от шығараман.

БАЛАЛАР:—(Таңланысып) Қалай? Кәйтип?

ДӘЎРАНБЕК:—Әўеле әкелиң. Кейин көресиз.

(Балалар үйли-үйлерине қарай жуўырысып кетеди.)

ДӘЎРАНБЕК:—(Олардың изинен бақырады.) Есиңизде болсын, қум шекер, набат әкелип жүрмең!

Аздан соң балалар ж н-жақтан жыйналыса баслайды. Олардың қосыўыслары толған қант.

ДӘЎРАНБЕК:—Холли хоп! (Ол үстиндеги костюмын шаққанлық пенен шешип алады.) Кәне, ким биринши?

БАЛАЛАР:—(Жабырласып) Меннен басла?

—Яқ, мен биринши!

—Яқ, меннен басла, мына қара мениң қантым көп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ДӘЎРАНБЕК:—Қәне, тыныш! Болмаса, көрсетпей қаламан. Мен биринши Баҳрамнан баслайман. Баҳрам, қәне, мында кел, қантыңды әкел. (Дәўранбек кантларды биримлеп аўзына салып, қышырлатып шайнай баслайды) Мине көрдиңиз бе? (Ол аўзын ашып көрсетеди)

БАҲРАМ:—Яқ! ҳеш нәрсе көрип турғаным жоқ.

ДӘЎРАНБЕК:—Дурыслап қара, ләмсер! Енди көрдиңбе? (Ол каттырақ қышырлатып шайнайды)

БАҲРАМ:—(Дәўранбектиң аўзына еңкейип үңиледи, Баска балалар да бирин-бири ийтерисип үңилиўге таласады) Көринбейди!

ДӘЎРАНБЕК:—(Баҳрамға қарап) Тфу-уў! Көзиң бар ма?! Бар көзине дәри қуйдырып кел!

ШЫРАЗ:—(Дәўранбектиң сөзин мақуллап) Аўа, дурыс айтады. Дәри қуйдырып қайт!

ДӘЎРАНБЕК:—Қәне, енди кимниң гезеги?

БАЛАЛАР:—(Жабырласып) Мениң... Меники...

(Балалар бирим-бирим келип, Дәўранбектиң костюмының астынан шығады. Бирақ, ҳеш қайсысы қанттан шыққан отты көрмейди. Дәўранбек және ойға шүме баслайды. Басына бир ой келип, өзинше ыржыйып қояды.)

ДӘЎРАНБЕК:—Сизлердиң бәриңиздиң басыңыз истен қалған. Дурыслы басыңыз болғанда, қамыс қант әкелесиз бе? Қамыс қант суўға тийсе тез ерийди. Демек, оннан от шықпайды.!

БАҲРАМ:—Жоқ, сениң басың истен қалған. Өтирикши! Кимди алдағың келеди. Жеген қантларыңды қайтып бер!

ШЫРАЗ:—(Қапталдан қосылып) Дурыс айтады, қайтып бер! Мен үйдеги ең соңғы қантты әкелдим. Апам билип қойса. төбемди ояды.

БАҲРАМ:—Ҳәзир қанттың қыт екенин билесең бе? Әўелден-ақ қант жегим келип тур деп айта қойсаң болады ғой, мырза фокусшы!

(Балалар Дәўранбектен пәнт жегенинине ашыўланып, үйли-үйлерине тарқасады. Дәўранбек олардың излеринен бақырады.)

ДӘЎРАНБЕК:—Бар! Бара бериңлер! Бәрине өзлери-



www.ziyouz.com kutubxonasi

низ айыплысыз. Мен сизлерге қамыс қант әкелиң деген жоқпан. Еле сизлер мениң қанттан от шығара алатуғыныма исенесизлер. Исендирмей де қоймайман. Билесизлерме, мен киммен? Мен бул мен! Дәўранбек Назаров! Яғный, артист Назаров! (Ол көкирегине жудырығы менен урып-урып қояды)

ПЕРДЕ

**Көринис**

Класстың иши. Сабақ еле басланған жоқ. Бир шетте Дәўранбек отыр. Алдында китап-дәптерлери. Күтпегенде артынан Шыраз келип, төбесине жудырығы менен қойып қалады.

ДӘЎРАНБЕК:—Жоқ бол, тас қара!

ШЫРАЗ:—Өзиң қарқпысаң? Қәне, кешеги қантты әкелдиң бе? Уйқы қалай болды? Шире қысып шықпады ма?

ДӘЎРАНБЕК:—Болды! Шыраз, қысқарт! Ҳәзир „Уфф" десем барғой, үпилдирик болып кетесең. Соннан кейин өзиңди аспанда көр!

ШЫРАЗ:—Ўәй-й, мақтаншақ! Мурныңды буншама аспанға көтересең. Сеннен басқалар да фокус көрсете алады. Мысалы ушын мына мен қәлеген фокусты көрсете аламан. Егер қәҳәрим келсе...

ДӘЎРАНБЕК:—Қәлеген фокусты? Ўа-ҳа-ҳа! (Балаларға қарап) Ҳәй, балалар, Шыраз бизлерге қәлеген фокусымызды көрсетеди. Қәне, марҳамат!

ШЫРАЗ:—(Балаларға жалтаңлап қарап) Исенбейсизлерме? Мине, холей хоп! (Ол қолларын бетине басып ғыр гүбелек айланады да, аўзынан қәдимги таўықтың мәйегин „шығарады". Ҳәмме таңланады)

ДАЎЫС:—Муғаллим киятыр!

(Шыраз бирден партасына қарай жуўырады. Парталар бир майдан тасур-тусыр болады да, бирден тынады. Классқа муғаллим кирип келеди. Ҳәмме орынл рынан ырғып турады)



www.ziyouz.com kutubxonasi

ШЫРАЗ:—(Бирден) Ўақ!! (Күтилмеген даўысқа ҳәмме жалт қарайды. Қолын қалтасынан суўырып алған Шыраздың бармақларының ушынан мәйектиң сары уўызы сорғалап турады.)

ДӘЎРАНБЕК:—Фокусшымыш! (Әсте гүбирленеди, ҳәмме дүў күледи)

МУҒАЛЛИМ:—Тыныш! (Столды тақылдатады. Көзи Шыраздың қолына түседи.) Қәне, оқыўшы Таңатаров, класстан шығып кет! (Муғаллим ашыўланып есикти суқ бармағы менен нусқайды. Шыраз шығып кетеди.) Баҳрам, қәне, сен неге кеше оқыйға келмей қалдың?

БАҲРАМ:—Өзиңиз ағаң келсин деп едиңиз ғой. (Ҳәмме күлип жибереди)

МУҒАЛЛИМ;—Дурыс, ағаңды келсин дедим. Мениң оған сен ҳаққында сөйлесетуғын гәплерим бар еди. Сөйлестим.

БАҲРАМ:—Сизлердиң гәплериңизди билемен. Ағам менен тил бириктирип атырсыз. Мәйли, сизлердиң айтқаныңыз-ақ болсын. Енди жақсы оқыйман. (Оның басы төмен салбырап турады)

МУҒАЛЛИМ:—Отыр! Дәўранбек, қәне, сен орныңнан тур! Кеше қандай тема өттик?

ДӘЎРАНБЕК:—Баўыры аўырыўшылар. (Ҳәмме күлип жибереди)

МУҒАЛЛИМ:—(Дүзетиў береди) Жер баўырлаўшылар солай ма? Олар қайсылар?

ДӘЎРАНБЕК:—(Басын қасып турып) Жылан, тасбақа, балық...

ДАЎЫС:—(қапталдан) Өзиң балық! (Және ҳәмме күлип жибереди)

МУҒАЛЛИМ:—Тыныш! (Қолындағы ручкасы менен столды тақылдатады)

ДӘЎРАНБЕК:—Және, және..,(Айтып жибер дегендей қапталындағы оқыўшыны түртеди)

БАҲРАМ:—Муғаллим, Дәўранбектен сабақ сорама, оннанша фокус көрсетсин. Ақыры, ол фокусшы! (Дәўранбек Баҳрамға ашыўлы нәзери менен қадалады. Соның арасынша қоңыраў қағылады)



www.ziyouz.com kutubxonasi

ПЕРДЕ

**Көринис**

Мектептен Дәўранбек Рашид пенен бирге қайтады. Олар Рашидтиң үйиниң қасына келип тоқтайды. Рашид үйине мирәт етеди.

РАШИД:—Дәўран, жүр, үйге кир. Адамлар бизиң үйди кирсең шыққысыз дейди. Расында да солай. Жүр көресең. (Олар ишке киреди. Бөлмедеги қыстырылған ҳәр қыйлы сүўретлерди көреди.) Төрги бөлмеде сүўретлер буннан да көп. Жүр, көресең бе? Ағамның айтыўына қарағанда, бул суўретлердиң ҳәр қайсысы кеминде үш мың манат турады екен. (Олар төрги бөлмеге өтеди. Дәўранбек буфет толған хрусталл ыдысларды көрип ҳайран қалады. Рашид Дәўранның қолынан услап жетелейди.)

ДӘЎРАНБЕК:—Қаяққа?

РАШИД:—Машинамызды көрсетемен.

ДӘЎРАНБЕК:—(Таңланып) Машина!? Еле машинаңызда бар ма?

РАШИД:—Аўа, жақында тазасын сатып алдық. Бурынғысы гөнерди. Енди дәкешиң (көкирегине урып) мектепке ҳәр күни „Вәлга" менен барады.

(Рашид гаражды ашады. Ол жерде машина жоқ болып шығады.) Ҳаў, ҳе-е, ағам айдап кеткен қусайды-аў!

ДӘЎРАНБЕК:—(мурнын жыйырып) Тфу! Ҳаўасы не деген сасық!

РАШИД:—(бирден түри өзгерип) Не дедиң? Қайтала!

ДӘЎРАНБЕК: Ҳаўасын айтаман.

РАШИД:—Өзиң сасық!

ДӘЎРАНБЕК:—Жо-оқ достым! Сизлер сасықсыз! Үйиңдеги хрусталлар, машиналар қайдан келип отыр? Сен соны билесен бе? Бәлким, ағам менен апам маңлай терлетип таўып атыр дерсең? Ҳәргиз олай емес! Билип қой, барлығы ҳарам дүнья!

РАШИД :—О, данышпан болып кет-ә! Тири жетим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

ДӘЎРАНБЕК:—(кәҳәрленип) Не дедиң?!

РАШИД:—Аўа, ага-анаң бар. Бирақ, үсти-басыңа қара! Жамалған костюм-шалбар. Туфлийиңның да баўы жоқ. Шүберек байлап қойыпсаң. Басыңдағы шапканы қашан алдың? Мен билемен. Үш жыл болды. Шалбарыңның балағын көтер. Қәне, көтер, көтер! (Дәўранбек балағын көтереди) Әне, шулығына қара, қырық тесик!

ДӘЎРАНБЕК:—Дурыс. Бирақ, мен арланбайман. Қайтама мақтанаман. Ақыры, әке-шешемниң табысы ҳадал. Ҳарам дүнья жыйнағаннан усы артық. Сизлердиң адамгершилигиниз де дүньяның астында қалған.

РАШИД;—Адамгершилик! (ўа-ҳа-ҳалап күледи) Сен бе, адамгершиликли? Дүньяң болмаса, ол қандай адамгершилик?! Үйиңе қонақ келсе, алдына қоятуғын зат таба алмайсыз. Адамгершилигиң сол ма?

ДӘЎРАНБЕК:—(басына бармағын тийгизип) Қум гәлле! Адамгершилик дүнья менен өлшенбейди. Қонаққа барыңды бер. Ең баслысы кеўлиң ҳақ болсын. Болғаны!

РАШИД:—Соның ушын да ҳеш ким келмейди. Анаў жайыңыздың сықылы. Қулайын деп тур. Сөйтип бир күни ирип-ширип жоқ боласыз. Ал биз! (көкирегине урады) Биз әрмансыз өтемиз! Астымызда машина болады. Ағам саў болсын, институт, ҳәмел, курорт бәри бизики!

ДӘЎРАНБЕК:—„А" десе, аяғыңды көтересең. Билмедим, бул тек дүньяның пуўы ғой. Сеннен ким шығатуғын еди?!

РАШИД:—(ашыўланып) Болды! Маған сасықлардың ақылы керек емес!

ДӘЎРАНБЕК:—Не дедиң? (Ол Рашидке қарай мушын түйип дәпинеди. Рашид те қайтпайды. Рашидтиң көкирегинен ийтерип жибереди. Соң екеўи айқасып кетеди. Дәўранбек қолайын таўып, Рашидтиң жағына жудырығы менен урып жибереди. Усы гезде баласының ашшы даўысын еситкен Рашидтиң анасы жуўырып келеди)

РАШИДТИҢ АНАСЫ:—Тоқтап тур, жуўернемек! Мен сизлерге еле көрсетемен! (Дәўранбек тайсалып қашады) Кеше ана үлкен жуўернемегиңиз де ҳәмменин көзинше „Совет саўдасын бузбаң, ақыбети жақсы болмайды„ деп ғәзебимди кайнатып еди. Сизлерге анаңыз солай



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйретип қойыппа?! Биреудиң дүнья арттырғанын көре алмайсыз! Өзлериң күниңизди зорға көрип отырсыз!

(Бул сөзлер Дәўранбектиң жүрегине ништердей қадалады. Көзине ериксиз жас алып жылайды. Көзин уўқалаўы менен үйине қарай жуўырады.)

ПЕРДЕ

**Көринис**

Түс пайыты. Дәўранбек, Жеткербай ҳәм апасы дәстурхан басында. Жеткербайдың қолында газета. Ол ҳәр мақалаға бир үңилип отыр.

АНАСЫ:—Газийтте не хабар бар екен, балам?

ЖЕТКЕРБАЙ:—„Союз—Т—6" совет—француз космос корабли ушырылыпты. Жәнибеков, Иванченко, Жан--ЛУ-Кретьен... Шет еллерде жумыссызлардың саны артпақта екен. Ҳәр жер, ҳәр жерде урыс оты тутанып атыр.

АНАСЫ:—Нәлет жаўғырларға жер бетине төгилген усыншама қан жетпейме екен түўе?

ЖЕТКЕРБАЙ:—Оларға жер жүзиниң халқы қарсы, апа.

АНАСЫ:—Әлбетте, балам. Қайсы пухара халық урысты қәлеп отыр?! Ҳеш қайсысы!

ЖЕТКЕРБАЙ:—Мине, қызық! (ол газетаның төртинши бетине көз жуўыртады) Мәмбетбай аға қармаққа түсипти.

ДӘЎРАНБЕК:—Рашидтиң ағасы ма? Қалайынша? (Күни менен тым-тырыс отырған Дәўранбек таңланып сорайды).

ЖЕТКЕРБАЙ:—„Сақ ғарға сағағынан". Фельетон.

ДӘЎРАНБЕК:—Мәмбетбай ағаны ғарға деп қойыппа? Ўа-ҳа-ҳа! Ҳаққынан! Кеше Рашидтиң апасы мени...

АНАСЫ:—Ҳе урды ма, балам? (апасының түри өзгерип кетеди)

ДӘЎРАНБЕК:—Оннан урғаны жақсы еди. Жаман сөзлерди айтып, намысыма тийди.

ЖЕТКЕРБАЙ:—(Олардың сөзлерин бөлип) Тыныш! Кейнин еситиң. Мәмбетбай дүкандағы өтимли затларды базарға



www.ziyouz.com kutubxonasi

шығарып пуллап атылған жеринде қолға түсипти. Ҳаялы да усланыпты.

АНАСЫ:—Усындай тоқшылық заманда халықты, ҳүкиметти алдап, дүнья жыйнап оларға не жетпей ди, екен? Ҳадал мийнет пенен жеген бир тислем нанның палдан татлырақ екенин билмей ме екен наданлар. Әне, мийнетсиз жеген нанның ақыбети! Балаларым, айтқанына ҳеш қандай арыныз келмесин. Бәрибир бизлердиң нанымыз ҳадал.

ПЕРДЕ

**Көринис**

Азанғы ўақыт Қораз шақырып атыр. Дәўранбек көзин уўқалап уйқысынан оянады. Айна алдына барып өзинше гүбирленеди.

ДӘЎРАНБЕК:—Және қуяш шығыпты! Демек, өмирлиң және бир таңы атты. Сәлем. Қуяш! Сен ҳәр күни усылайынша күлимлеп шыға бер! Сениң жүзиңди ҳеш ким жаба алмайды, мениң қымбатлы алтын гүлшем! Бирақ, сениң нурларыңды сөндириўге урынысшылар да бар. Сөндирип болыпты! Миллион-миллион ҳақ нийетли адамлардың, жүреклери ана сүтинен нәр алған нәрестелердиң сениң нурыңа деген мухаббатын жоқ ете алмайды! Биз бәрҳәма сениң алтын нурларыңды қушып жасаймыз. Аўа, мәңгиге солай болып қалады! (Күтпегенде қапы қағылады. Ишке папкасын арқалап Баҳрам кирип келеди.)

БАҲРАМ:—Кәне, артист достым, оқыўға таярмысаң? Таза фокусларың бар ма? Бүгин мектепте көркем өнер байрамы болады. Бәлким сонда фокусларыңнан көрсетерсең?!

ДӘЎРАНБЕК:—Әлбетте! менде фокус көп. Мине, мына еки алма ы көрдиң бе? Биреўи көк, биреўи қызыл. (Ол еки алманы сумкасына салады.) Усының көгин қызылға, қызылын көкке айландырып бериўим мүмкин. Оннан кейин мине, мына жиптиң түйинин қол тийгизбей тис пенен шешип беремен.. Енди жүр асханаға, шай ишип алайық. Кейин кетемиз, (Олар асханаға кире-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Дәўранбектиң анасы оларға шай демлеп береди. Стол әтирапында гүррин басланады.)

ДӘЎРАНБЕКТИҢ АНАСЫ:—Баҳрам, балам, усы Дәўранбек жораң артист боламан дейди. Бола алар ма екен?

ДӘЎРАНБЕК:—(орнынан ырғып турып) Апа, тағы сол гәп пе? Неге қайталай бересең? Айттым-ғой боламан деп, боламан! Баҳрам да бу ы биледи. (Ол Баҳрамға көзин қысады) Солай ғой, Баҳрам я?

БАҲРАМ:—(Тутлығып) А-а-аўа.

ДӘЎРАНБЕК:—(Анасына қарап) Әне, еситтиң бе? Гәп тамам! Баҳрам, жүр кеттик!

(Олар мектепке кетеди)

АНАСЫ:—(Гүбирленип) Түпәләм-түпәләм! Балам шоқ болып өсип киятыр-аў өзи. Илайым нийетине жетсин! Тилсуқтан аман болсын. (Ҳәм тамашагөйлерге қарап) Балаларым, ҳәммеңиз де нийетиңизге жетиң! Қуяш астында мәңги бахытлы жасаң. Ана тилеги ҳәр қашан усындай!...

ПЕРДЕ

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Нанныц ийиси, *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Ҳәр кимниң өз орны бар. *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Әке алақаны, *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Қос терек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Айгүлдиң бузаўы неге өкпеледи?, *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . 14
„Жақсылық" *юморлық гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Музда қалған етик, *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Сумка неге жыртылды? *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Еркебайды ким ерке деген? *гүрриң* . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Бағды ким жаратқан? *Ертек* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Тимур атлы жетим бала ҳәм бирқазан, *ертек* . . . . . . . . . . . . 29
Қуяш сөнбейди! *пьеса* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Дәўранбек ҳәм оның дослары, *пьеса* . . . . . . . . . . . . . . . . 38



**Якыпбай Ажимов**

**СОЛНЦЕ НЕ ПОТУХНЕТ**

*Рассказы, сказки и пьесы*

*На каракалпакском языке*

Издательство „Каракалпакстан"
Нукус—1990

Редакторы К. Ерназаров
Художниги И. Кдыров, Н. Шарипов.
Худ. редакторы К. Рейпназаров.
Тех. редакторы Ж. Сейтимбетов.
Корректоры З. Жуманова.

ИБ 3620

Териўге берилген ўақты 18.12.1989-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 28.02.1990-ж. Қағаз форматы 60x90[1]/[16] Типографиялық қағаз №2 Әдебий гарнитура, кегль 10 Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 3,0 баспа табақ. 2,92 есап баспа табақ. Тиражы 5000. Заказы 20. Баҳасы 20 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң „Правда" газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.


www.ziyouz.com kutubxonasi